

Ede Pitit ou Gen Siksè nan Lekòl Primè

Bati Bòn Abitid Prezans Pandan Anseignman a Distans

ÈSKE OU KONNEN?

- Patisipasyon nan pwogram edikasyon bonè, kouwè lekòl matenèl ak Head Start, menen a meye prezans nan kindegaden.
- Komansman nan kindegaden, manke 10% lekòl (oswa selman 2 jou chak mwa) ka fè li plis difisil pou apran ak koze timoun yo vin pran reta lekòl.
- Bon prezans, ke klas lan fèt an peson oswa an distans, ka ede timoun yo travay byen lekòl, ak evantyèlman nan travay yo.



KISA OU KA FÈ

Kominike ak Lekòl lan

- Rele pwofesè pitit ou è fè yo konnen kijan yo ka jwen ou.
- Pratike kontakte sou klas entènèt yo è kreye yon plan pou sipote enseignman pou timoun yo. Kontakte lekòl lan si ou bezwen èd pou konekte.
- Mande pou regleman prezans lekòl lan.
- Poze pwofesè pitit ou kesyon sou prezans pitit ou è pale a pwofesè de nenpòt enkyetid ou ta genyen.
- Konsidere mande pwofesè a si pitit ou ka chanje a apran an peson si apran a distans pa kaptive atansyon pitit ou an.

Fè Prezans Lekòl yon Priyorite

- Veye prezans ak patisipasyon pitit ou; è kontakte pwofesè a pou adrese nenpòt ki enkyetid.
- Pran ak afiche skedil enfòmasyon klas ak koneksyon pitit ou sou frijidè a oswa sou biwo pitit ou an.
- Asire w ke pitit ou pran vaksen lagrip lan ak lòt vaksen obligatwa yo.
- Chèche konnen si pitit ou santi li senèsòf. Asire w ke regleman disiplin lekòl lan pa menen ke pitit ou vin dezangaje oubyen lekòl la pa mete deyo. Si gen pwoblèm, travay ansanm ak lekòl ou an pou jwen yon solisyon.
- Si pitit ou parèt ke li raz oswa li enkyet de lekòl, pale ak pwofesè yo, konseye lekòl yo, oswa lòt paran yo pou konsèy sou kijan pou fè yo santi yo senèsòf ak kontan pou apran.
- Mande pou èd lè ou bezwen l. Anplwaye lekòl, founisè pwogram apre lekòl, ak lòt paran oswa ajans kominote disponib pou ede fanmi jwen siksè ak anseignman sou entènèt lan, jwen manje oswa kay ak adrès lòt ekspeyans ki fè l difisil pou prezan ak patisipe.

Ede Pitit Ou Rete Ansante ak Angaje

- Etabli yon woutin pou domi, leve ak parèt nan klas la.
- Idantifye yon kote ki pa gen bouwi pou ke pitit ou ka fè devwa li. Si ou gen plis ke yon pitit, fè yon skedil. Oubyen mande lekòl ou an owa ajans kominote yo si yo kreye kote pou anseignman a distans, oubyen si kask ki redwi bouwi disponib pou elèv yo.
- Devlope plan bak òp pou kontakte sou òdinatè a si ou paka la pou ede. Jwen yon fanmi, vwazin oswa yon timoun ki pi gran ki ka ede. Òganizasyon kominote kapab petèt ede tou.
- Lè lekòl an sesyon, evite vakans fanmi long ak randevou medikal ki pa ijans.